

**EGALITE ANT FANM AK GASON NAN YON SITYASYON DEZAS
SIS PRINSIP POU PRAN KESYON POZISYON FANM AK GASON AN KONSIDERASYON
NAN ALEMYE E REKONSTWIKSYON**

**Gender And Disaster Network
Janvyè 2005**

1. GEN ANPIL ANBISYON NAN PWOJÈ OU. Egalite ant fanm ak gason e prinsip rediksyon risk la dwe gide tout sa ou fè pou prepare kont dezaz, reyaji nan yon dezaz e rekonstwiksyon apre yon dezaz. “Fenèt opòtinite”, sètadi tan ou dispoze an kout anpil si ou vle pote chanjman e òganize moun nan yon sans politik. Se kounyè-a pou ou prepare pou:

- Reyaji nan yon jan pou responsabilize fanm yo e kominote lokal yo.
- Rekonstwi pou tout sa ki alabaz feblès e moun e kominote yo, tankou inegalite ant gason ak fanm epitou lòt inegalite nan sosyete an
- Kreve tout kalite okazyon yo pou fanm yo pote yon bonjan patisipasyon e pou yo rive jwe yon wòl lidèchip
- Ankouraje fanm lokal yo patisipe nan pwojè ki pou prepare kont dezaz epi evalye pwen fèb yo
- Fè yon jan pou fanm yo benefisye de pwogram relans ekonomik e pwogram ki kreve aktivite pou fanm yo fè lajan (tankou fè yo jwenn aksè, ede yo touche yon salè ki ekkitab, fòmasyon nan sektè ki pa sektè kote fanm te toujou travay, swen pou timoun yo e sipò sosyal).
- Bay priyorite pou sevis sosyal, sipo pou timoun yo, sant ki akeyi fanm, e espas ki rezève pou fanm epi lòt kote fanm yo an sekirite.
- Pran yon apwòch pratik pou responsabilize fanm yo pou:
 - Konsilte a 100% avèk fanm yo nan konsepsyon e fonksyònman yonabri pou akeyi moun nan ka ijans
 - Mete papye kay ki fenk konstwi yo nan nom e fanm yo e gason yo.
 - Bay fanm yo chans pou patisipe nan konsepsyon e konstriksyon kay yo
 - Defann dwa fonsye fanm yo
 - Kreve pwojè ki jenere lajan pou fanm yo e ki ede yo aprann travay nan sektè ki pa sektè kote fanm te toujou travay.
 - Finanse gwoupman fanm yo pou yo kapab fè swivi pwojè dezaz yo.

2. RASANBLE TOUT ENFÒMASYON YO. Yon analiz sou jan pwogram yo afekte pozisyon fanm ak gason, se pa yon bagay ki fakiltatif ni li pa yon sous divizyon, men se yon bagay ki obligatwa pou dirije èd ak asistans epi mete plan an plas pou tout aspè sosyete an remete sou pye. Pa gen anyen nan travay nan sektè dezans la ki san konsekans nan kesyon pozisyon fanm ak gason. Prepare alavans pou:

- Kolekte e mande enfòmasyon ki gen rapò ak kesyon pozisyon fanm ak gason.
- Bay fanm yo fòmasyon e travay nan evalyasyon ak rechèch ki pou fèt nan swivi an.
- Aprann nan men medam yo rensèyman sou resous nan anviwònman an e sou tout sa ki kapab ede ou byen konprann dinamik ki nan kominote a.
- Idantifye epi evalye bezwen yo dapre si popilasyon fanm ak popilasyon gason, paregzanp medam ki fe travay yo lakay yo, sante mantal mesye yo, gwoup fanm ak gwoup gason ki deplase epi ki al viv lòt kote.
- Swiv ki jan lajan ap depanse pou fanm yo sou yon bò, ak mesye yo sou yon lòt apre dezans la.
- Suiv ki jan resous, sevis epi debouche pou travay ap distribye bay fanm yo sou yon bò ak mesye yo sou yon lòt apre dezans la.
- Evalye ki jan inisyativ ki gen rapò ak dezans la enfliyanse fanm yo sou yon bò ak mesye yo sou yon lòt.

3. TRAVAY ALABAZ AVÈK FANM YO. Òganizasyon debaz fanm yo gen anpil konesans, enfòmasyon, eksperyans, rezo e resous ki enpòtan anpil pou ede yo vin pi rezistan lè dezans frappe. Sèvi ak kapasite gwoupman fanm yo ki egziste deja epi konsolide kapasite sa yo. Travay avèk gwoupman tankou:

- Òganizasyon fanm yo ki gen eksperyans nan gestyon dezans
- Gwoupman ki milite pou anviwònman an
- ONG fanm ak devlopman;
- Òganizasyon pledwari ki konsantre sou fanm e tifi yo, paregzanp militan pou la pè
- Asosyasyon katye ke fanm òganize
- Òganizasyon gwoupman relijye e legliz yo
- Fanm pwofesyonèl paregzanp moun ki nan sektè edikasyon, syantifik, ,gestyon dezans ak lòt sektè ankò.

4. REZISTE PREJJE. Baze tout inisyativ sou konesans de kisa diferans ye, epi sou yon apresyasyon de kontèks kiltirèl, ekonomik, politik epi ki defini pozisyon fanm ak gason. Se pa pou yo baze sou ide jeneral ki fo. Sonje ke:

- Fanm pa mouri nan yon dezans se pa tankou yon bann viktim ki paka fè anyen: se pami moun ki sèvi konm premye entèvenan apre dezans la; yo jwe tou yon wòl enpòtan nan rekonstriksyon apre dezans la
- Manman, grann epi lòt fanm gen yon wòl enpòtan pou yo jwe nan ede timoun siviv epi remete yo anfòm, men sa fanm yo bezwen se pa toujou menm bagay ak sa timoun yo bezwen
- Se pa tout fanm ki gen pitit, se pa tout fanm ki viv ak yon gason
- Kay kote manman an pou kont li ap jere fanmi an, se pa toujou kay ki pi pòv oubyen ki pi fèb yo
- Fanm yo pa toujou depann de gason pou kesyon ekonomik: fanm kapab pwodwi, yo kapab travay nan kominote yo, yo kapab travay pou pote lajan nan kay la

- Wòl sosyete a atann de mesye yo e tigason yo ekspoze yo tou, paregzanp, yo kapab gen pwoblèm mantal, yo aji yon jan ki mete yo e/oubyen lòt moun an danje, yo riske aksidan
- Lè sèvis yo sible medam yo, se pa toujou meyè jan pou fè sa, pase sa kapab lakòz move santiman oubyen vyolans
- Fanm sosyete an rejte (tankou fanm ki san papye, ki gen VIH/SIDA, ki nan yon gwoup ki ba anpil nan sosyete an, ki indijèn, ki touche lajan pou fè sèks) se fanm ki gen yon jan diferan pou yo wè bagay yo e yo gen konesans lòt moun pa genyen.
- Yon sèl solisyon pap bon nan tout sityasyon: se pou bezwen kiltirèl byen presi yo respekte, paregzanp pratik tradisyonèl fanm yo nan relijyon yo, rad yo mete, ijyèn pèsònèl yo, sa yo konsidere kanm vi prive yo

5. PRAN YON APWÒCH KI BAZE SOU DWA MOUN. Inisyativ ki demokratik e ki patisipatif, se yo ki sèvi fanm ak tifi yo pi byen. E fanm e gason gen pou yo jwenn kondisyon lavi ki nesèsè pou yo jwi dwa fondamantal yo, menm jan yo gen pou yo siviv tou senpleman. Tifi ak fanm ki ap viv nan yon sityasyon kriz gen plis chans pou:

- yo oblije antre nan renmen ak moun san yo pa vle, oubyen fè kadejak sou yo;
- yo sibi move trètman nan men yon menaj oubyen mari, paregzanp nan mwa oubyen nan yon lane ki vin apre yon gwo katastwòf
- yo sibi eksplwatasyon moun kin an trafik paregzanp fòse yo travay konm domestic, nan jaden oubyen nan fè sèks
- yo pèdi yon pati oubyen tout dwa fonsye yo
- yo marye lè yo twò jèn/fòse marye
- moun fòse yo al viv yon lòt kote
- yo jwenn mwens aksè oubyen yo pa jwenn aksè ditou nan sèvis sante fanm ak planin famiyal
- se gason ki kontwòle resous ekonomik ki gen rapò ak rekonstriksyon e remete soup ye apre katastwòf la

6. RESPEKTE E RANFÒSE KAPASITE FANM YO. Pa mete twòp chaj sou fanm yo pase malgre tout travay yo gen pou fè e malgre tou sa yo fè deja nan fanmi yo, yo pral gen plis pou yo fè toujou.

- Idantifye e ankadre sa fanm yo kontribye nan yon system enfòmèl pou avètisman pi vit posib, nivo preparasyon lekòl ak lakay moun, solidarite kominote an, ede moun refè nan sans sosyoemosyonèl, swen manm fanmi an sou yon lon tèm
- Bay yon rekonpans materyèl bay medam yo ki konsakre tan yo, enèji yo ak konesans yon an mouvman de baz et ki kapab e vle travay la men nan la men ak òganizasyon gestyon dezas
- Founi sèvis okipe timoun, transpò ak lòt sèvis ankò selon neseste an pou pèmèt fanm yo patisipe a 100% e sou menm pye degalite nan pran dispozisyon pou sosyete an pi rezistan devan yon dezas ou katastwòf.

Pou Plis Enfomasyon: <http://gdnonline.org>